दिन–रविवार | दिनांक–30.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकसभा चुनाव मे संविधान आ देशक लोकतांत्रिक प्रणाली मे अपन विश्वास दोहरेबाक लेल देशवासी सभक आभार जतौलनि अछि। आइ आकाशवाणी सँ मन की बात कार्यक्रमक माध्यमे राष्ट्र के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे दू हजार चौबीसक आम चुनाव विश्वक सभसँ पैघ चुनाव छल, जाहि मे पैसठि करोड़ लोक सभ मतदान कयलनि। ओ जनौलनि जे विश्व कोनो देश मे एहन कहिओ नहि भेल। प्रधानमंत्री एहि लेल चुनाव आयोग आ मतदान प्रक्रिया मे सम्मिलित सभ लोक के बधाई देलनि। श्री मोदी विश्व पर्यावरण दिवस पर आरंभ कयल गेल विशेष अभियान– एक पेड़ माँ के नाम के चर्चा करैत लोक सभ सँ अपील कयलनि जे ओ अपन माँ के संग अपन माय के समृति मे एक गाछ लगाबथि। प्रधानमंत्री एहि बात पर प्रसन्नता जतौलनि जे लोक अपन माताक संग या हुनक फोटोक संग गाछ लगेबाक तस्वीर सोशल मीडिया पर साझा कऽ रहल छथि। श्री मोदी कहलनि जे एहि अभियान सँ धरती माता के सेहो लाभ होयत आ हुनक रक्षा सेहो होयत।

---

प्रधानमंत्री मॉनसूनक चर्चा करैत एहि सीजन मे सेहो वोकल फॉर लोकल के आह्वान कयलनि। श्री मोदी केरल मे बनाओल जायबला एक विशेष छतरी कार्थुम्बीक उदहरण देलनि। ओ कहलनि जे केरलक आदिवासी महिला उद्यमिताक अद्भुत उदाहरण प्रस्तुत कयलनि अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आन भाग मे सेहो एहने प्रयास कयल जयबाक चाही। श्री मोदी जनौलनि जे कुवैत सरकार अपन राष्ट्रीय रेडियो पर हिन्दी मे एक विशेष कार्यक्रम आरंभ कयलक अछि। एकरा कुवैत रेडियो पर प्रत्येक रविदिन आधा घंटाक लेल प्रसारित कयल जाइत अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारतीय फिल्म आ कला जगत सँ जुड़ल चर्चा ओतह भारतीय समुदायक मध्य बेस लोकप्रिय अछि। प्रधानमंत्री एहि पहल के लेल कुवैत सरकार आओर ओतुका लोक सभ के धन्यवाद देलनि।

---

प्रधानमंत्री मन की बात कार्यक्रम मे हालहि मे संपन्न योग दिवसक सेहो चर्चा कयलनि। ओ जनौलनि जे पूरा विश्व अंतर्राष्ट्रीय योग दिवस के भरपूर उत्साह आ उमंगक संग मनौलक। प्रधानमंत्री अगिला मास होयबला पेरिस ओलंपिक खेल मे सम्मिलित भऽ रहल भारतीय दल के खेलाड़ी सभ के शुभकामना देलनि। श्री मोदी कहलनि जे टोकियो ओलंपिक मे खेलाड़ी सभक प्रदर्शन सभ भारतीय के ह्रदय जीत लेने छल। ओ ऐहने प्रदर्शनक उम्मीद करैत छथि। प्रधानमंत्री आकाशवाणी परिवार के सेहो बधाई देलनि किएक तऽ आकाशवाणीक संस्कृत बुलेटिन आइ प्रसारणक पचास वर्ष पूरा कयलक अछि। ओ कहलनि जे पचास वर्ष सँ लगातार ई बुलेटिन कतेको लोक सभ के संस्कृत सँ जोड़ि कऽ रखलक अछि। प्रधानमंत्री मन की बात के माध्यमे लोक सभ सँ एक बेर फेर जुड़बा सँ प्रसन्नता जतौलनि अछि। ओ जनौलनि जे मन की बात रेडियो कार्यक्रम किछु मासक लेल रूकि गेल छल, मुदा देश आ समाज मे मन की बातक भावना सदति बनल रहल। श्री मोदी कहलनि जे मन की बातक माध्यम सँ भारतक समृद्ध संस्कृति, इतिहास आ विकसित भारत बनेबाक दिशा मे कयल जा रहल प्रयास पर चर्चा होईत रहत।

---

तीन नव आपराधिक कानून– भारतीय न्याय संहिता– बीएनएस, भारतीय नागरिक सुरक्षा संहिता– बीएनएसएस आ भारतीय साक्ष्य अधिनियम– बीएसए काल्हि सँ लागू भऽ जायत। केन्द्र सरकार राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेशक संग नियमित बैसक कऽ एहि कानून सभ के लागू करबाक लेल प्रौद्योगिकी, क्षमता निर्माण आ जागरूकता उत्पन्न करबाक व्यापक तैयारी कयलक अछि। एहि संबंध मे पुलिस आ जांच अधिकारी सभ के प्रशिक्षण देल गेल अछि। दूरदर्शन आ आकाशवाणीक समाचार बुलेटिन, कार्यक्रम, चर्चा आ सोशल मीडिया प्लेटफॉर्मक माध्यम सँ सेहो एहि विषय पर गहन चर्चा आ विश्लेषण कयल गेल। एकर अतिरिक्त विद्यालय आ उच्च शैक्षणिक संस्थान मे नव कानून सँ जुड़ल पाठ्यक्रम मॉड्यूल के अनिवार्य रूप सँ सम्मिलित सेहो कयल गेल। नव आपराधिक कानून मे जांच, मोकदमा आ अदालती कार्यवाही मे प्रौद्योगिकी पर जोर देल गेल अछि।

---

जनरल उपेन्द्र द्विवेदी आइ नव दिल्ली मे नव थल सेना अध्यक्ष के रूप मे कार्यभार ग्रहण कयलनि अछि। जनरल द्विवेदी पंद्रह दिसंबर उन्नैस सय चौरासीक थलसेनाक इनफैंट्री– जम्मू आ कश्मीर राइफल्स मे कमीशन भेल कयने छलाह।

---

मॉनसूनक प्रभाव सँ राज्यक अधिकतर भाग मे वर्षा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग जनौलक जे अगिला तीन सँ चारि दिन धरि प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य सहित विभिन्न भाग मे मध्यम सँ भारी वर्षा भऽ सकैत अछि।

————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।